

7 Desanm 2020

Planifikasyon Tès COVID-19 pou ivè

Chè Kominote Kanpis,

Fè tès rete yon bagay ki enpòtan pou diminye COVID-19 la. Antanke yon rapèl, nou rekòmande pou tout moun ki sou kanpis la fè tès COVID-19 anvan vakans ivè a kòmanse. Tès yo ap disponib pandan 2 semèn kap vini la yo nan Gran Sal Bal Stamp Student Union lan, epi yap fèt nan yon fason ki san danje avèk distansyasyon fizik.

Nap kontinye amelyore pwosesis pou fè tès la pou kominote nou an. Ou kapab pran yon randevou pou ale fè tès nan return.umd.edu. Klike sou "COVID-19 TESTING" epi apres a sou "Make A Testing Appointment" pou pran randevou a sou pòtay Sant Sante Inivèsite (University Health Center's, UHC) lan. Y ap kontinye ajoute lè pou randevou selon bezwen epi y ap bay rezilta yo sou pòtay UHC a. Y ap voye yon imèl pou ou lè rezilta yo pare. Si w pozitif, yon founisè UHC ap rele w dirèk.

Semèn sa a, yo pral fè tès yo demen, Madi 8 Desanm ak Jedi 10 desanm. Lòt semèn, yo pral fè tès nan Madi 15 Desanm ak jedi 17 Desanm. Gen yon bon kantite randevou ki toujou disponib pou rès jou tès sa yo ki rete a. Yo pral ajoute lòt randevou oswa jou ou fè tès selon bezwen. Verifye [Enfòmasyon sou Tès COVID-19](#) pou konnen ki jou tès ki disponib pandan tout desanm lan.

Yo p ap fè tès nan semèn 21 desanm lan. Tès yo ap rekòmanse sou kanpis lan nèt nan semèn 11 Janvyè 2021 an Sepandan ap gen yon kantite tès limite k ap disponib pou moun k ap retounen nan travay yo fizikman 4 Janvyè yo, menm jan ak chèchè yo ak pèsònèl ki gen rapò ak rechèch yo pral disponib 5 ak 7 Janvyè. Randevou sa yo ap disponib 14 desanm sou return.umd.edu.

Antanke yon rapèl, tout moun ki te prezante sentòm COVID-19 yo oswa te gen kontak ak yon moun ki gen COVID-19 kapab fè tès nan Sant Inivèsite a nenpòt moman. Tanpri verifye lè yo nan health.umd.edu. Si w gen kesyon, kontakte Liy Telefonik HEAL la nan (301) 405-4325 (HEAL) oswa voye yon imèl nan healthconcerns@umd.edu.

Rete an Sante ak An Fòm [4 Maryland!](#)

Siyati Sacared Bodison

Sacared Bodison, MD

Direktè Enterimè, Sant Sante Inivèsite a